



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 29 jiyè 2014

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FAZ II KONTRA POU ACHE RIVERBEND

### *Yon kontra pou achte tè rive siyen pou devlopman fiti Sant Inovasyon Manifakti Wot Teknoloji Buffalo nan RiverBend*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yon Kontra Acha te siyen ant Eta New York ak Vil Buffalo pou achte rès 96 ak tè ki se pwopriyete Vil la nan kote RiverBend ye a. Pwopriyete ki fenk achte a vin ajoute sou 88 ak Eta a te deja achte nan Vil la nan sit la nan mwa me pase.

“RiverBend ap jwe yon wòl enpòtan nan yon boum devlopman ki transfòme Buffalo nèt, epi konpayi teknoloji nan tout peyi a ak nan lemond anrejistre sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Finalizasyon Kontra Acha sa pral garanti RiverBend pare pou l kapitalize sou enterè sa epi ajoute sou mouvman wot teknoloji kap blayi nan rejyon lwès New York. Jounen jodi a, Buffalo vreman ap bouje.”

Kontra Acha a te fèt nan Vil Buffalo atravè Buffalo Urban Development Corporation ak Fort Schuyler Management Corporation, yon antite ki pap fè lajan SUNY te kreye pou jere tranzaksyon pwopriyete onon College of Nanoscale Science and Engineering.

### **Kontra acha fòmalize:**

- Yon akò sou pri dacha \$2.8 milyon dola;
- Yon akò pou respekte egzijans aplikab Eta New York konsènan objektif itilizasyon mendèv minorite, mendèv fi, ak antrepriz biznis minorite ak antrepriz biznis fi ki anrapò avèk pwojè a. Pami egzijans sa yo ou jwenn yon objektif jeneral 20 pousan patisipasyon pou MWBE, yon objektif mendèv minorite 25 pousan ak yon objektif mendèv fi senk pousan pou tout pèsònèl konstriksyon kap travay nan pwojè a;
- Yon angajman pou travay avèk bon jan òganizasyon edikasyon lokal nan Buffalo pou kreye mendèv lokal ak pwogram fòmasyon pou ogmante opòtinite pou rezidan nan vil Buffalo, espesyalman fi ak minorite yo; ak
- Yon akò pou vèsè peman lajan nan plas taks (PILOT) pou devlopman fiti sou pasèl 96 ak la si devlopman fiti pa gen taks sou pwopriyete sou li.

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te di konsa, “Mwen fyè de plan estratejik administrasyon m nan te mete anplas lè nou te achte ansyen pwopriyete sit endistriyèl sa nan Sid Buffalo pou \$4.6 milyon nan lane 2008, sa ki mete 185 ak tè endistriyèl ak komèsyal ki gen vale eki tou pare nan envantè vil la pou devlopman fiti. Jounen jodi a, pandan n ap finalize dezyèm akò acha ant Eta a ak Vil Buffalo pou rès sit RiverBend lan, kote pri acha total Eta a rive \$5.3 milyon, n ap kontinye vanse ak sant enèji pwòp RiverBend lan. Sa vinn ajoute sou dekolaj n ap wè tout kote nan Vil la, ak plis pase \$4.4 milya nan nouvo aktivite devlopman ekonomik kap fèt, sa ki pote menm plis bon dyòb ak envestisman estanda nan Buffalo.”

Senatè Tim Kennedy te di konsa, “RiverBend pral pi gwo epi pi bon pase anvan kounye a nan moman y ap achte plis tè pou ka gen espas pou itilizasyon fiti sit la. RiverBend pral mete rejyon Lwès New York sou kat la kòm yon lidè mondyal nan enèji pwòp. Nouvo sektè sa kap devlope isit nan Buffalo ap atire nouvo atansyon sou Vil nou an kap reparèt epi ap kreye posiblite dyòb byen peye pou Nouyòkè rejyon Lwès ki konn travay. Ak espansyon enprent RiverBend la, Gouvènè Cuomo ap bay Buffalo yon las datou pou nouvo biznis ak dyòb epi ap pozisyon rejyon nou an pou kwasans pèmanan nan sektè wot teknoloji.”

Manm Asanble Michael P. Kearns te di konsa, “Ak finalizasyon vant tè RiverBend lan, etid fezablite ak plan Brownfields dèyè nou kounye a. N ap kite dèyè estrateji remanbreman pou Brownfields nou yo epi n ap pwogrese pou rive nan egzekisyon plan detaye pou opòtinite ekonomik. Pandan n ap bati yon nouvo Buffalo atravè reitilizasyon pwopriyete nou yo ki pa tap sèvi, foto pral sèl souvni ki rete de ansyen endistri yo.”

Howard Zemsky, Ko prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York, te di konsa, “Nou vremen rive nan maksimòm vitès nou nan Buffalo ak Lwès New York grasa travay san rete Gouvènè Cuomo pou l atire bon konbinezon envestisman ak kreyasyon dyòb la nan konpayi prive ki wè avantaj ki genyen nan fè biznis isit. Tè anplis sa yo ki achte nan RiverBend pral kontinye ranfòse kapasite nou pou n kenbe dekolaj la ki fèt grasa politik Gouvènè Cuomo.”

Doktè Alain Kaloyeros, Direktè ak Responsab Egzekitif, SUNY CNSE/SUNYIT, te di konsa, “Gouvènè Cuomo konnen enterè ak eksitasyon ki kreye ak kominote biznis wot teknoloji enèji pwòp la grasa envestisman Buffalo Bilion li yo se pou tout bon. Genyen yon eksitasyon atravè sektè dinamik sa sou sa kap pase nan Buffalo ak Rejyon Lwès New York epitou ajoute plis tè ki tou pare ki ka devlope se yon estrateji saj ak pridan. Mwen di bravo pou Gouvènè Cuomo dèske li garanti dekolaj li kreye a nan rejyon an pral kontinye ak plis envestisman sektè prive ak plis kreyasyon dyòb.”

Sa se Faz II devlopman. Dapre plan inisyal pou Premye Faz Devlopman RiverBend lan, Eta New York pral investi \$225 milyon dola nan kapital Empire State Development (ESD) pou tabli enfrastrikti nan sit la san bliye dlo, egou, sèvis piblik ak wout; pou konstwi yon enstalasyon 275.000 pye kare kap pwopriyete Eta kote pral genyen Sora ak Silevo kòm de premye lokatè yo; epi pou achte ak posede ekipman. Okenn nan konpayi yo pap resevwa bourad lajan dirèk nan envestisman Eta a. Lòt enstalasyon pral konstwi pi devan pou loje nouvo konpayi fabrikasyon kap opere nan domèn byotèk, wot teknoloji ak enèji vèt.

Enstalasyon ak ekipman yo pral pwopriyete SUNY Research Foundation. Kolèj ak inivèsite ki nan zòn nan, tankou Buffalo SUNY, pral benefisye tou nan tèt kole a epi patisipe nan fiti kwasans pwojè a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE